

Pou Piblikasyon Imedya: 25/04/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE DEZYÈM FAZ PWOGRAM MODÈNIZASYON AIR CARGO A NAN JFK, YON ELEMAN KLE NAN PLAN VIZYON GOUVÈNÈ A POU REDEVLOPMAN AYEWOPÒ

Komite Administrasyon Otorite Pòtyè a Apwouve Kontra Lokasyon Avèk JFK Air Cargo LLC a pou Batiman ki mezire 250,000 Mèt Kare

Nouvo Batiman an Pral Pote 70 Milyon Dola Envestisman Prive Inisyèl, 152 Milyon Dola nan Lokasyon

Pwojè a Pral Fè avanse Pozisyon JFK kòm pi Gwo Jesyonè Kagezon Entènasyonal

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a dezyèm faz yon plan modènizasyon kagezon ki gen plizyè nivo nan Ayewopò Entènasyonal John F. Kennedy, avèk siyati yon kontra lokasyon alontèm avèk JFK Air Cargo LLC a pou devlope yon batiman jesyon modèn nan ayewopò a.

Komite Administrasyon Otorite Pòtyè a (Port Authority) te otorize yon kontra lokasyon pou 31 ane apremidi a, yon antant nou atann k ap pote 152 milyon dola nan lokasyon ak 70 milyon dola nan investisman JFK Air Cargo. Otorite Pòtyè a ap kontribye jiska 13 milyon dola pou travay preparasyon sit la yo ak amelyorasyon wout yo ki nesèsè pou konplete konstriksyon an, gen ladan yon nouvo "viraj" pou kamyon ki pral pèmèt sikilasyon anplis pou antre ak soti nan Zòn Kagezon Nò a pi fasilman. Sitiye sou yon pwopriyete 6.55 ekta nan Zòn Kagezon Nò a, nou atann nouvo batiman an ap konplete nan apwoksativman 24 mwa.

"Envètisman New York yo ki se lidè nasyonal nan ensfrazstrikti ap transfòme fondamantalman ekonomi nou an, epi nouvo Ayewopò JFK a pral kontinye kwasans san presedan sa a", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nouvo batiman sa a pral jenere ranman ekonomik siyifikatif pou rejyon an, sipòte plizyè milye djòb ki byen peye epi simante plas JFK kòm yon lidè nasyonal nan operasyon kagezon yo."

"Nou ap transfòme Eta nou an avèk rekò nan investisman nan enfrazstrikti, epki modènize ayewopò yo nan tout New York", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Nouvo batiman kagezon sa a pral ankouraje investisman prive anplis epi pozisyon Ayewopò JFK kòm yon gwo jesyonè kagezon. Amelyorasyon yo nan Ayewopò JFK a konsolide efò nou yo pou amelyore rezo transpò batiman ki gen klas mondyal sa a, nan amelyore eksperyans vwayajè a, nan ogmante touris, ak nan devlope ekonomi an."

Kagezon esansyèl pou sante ekonomik ak vitalite ayewopò a ak rejyon an, se yon eleman kle nan Plan Vizyon pou JFK Gouvènè Cuomo a. Ayewopò JFK te jere ozanviwon 1.4 milyon tòn kagezon an 2018, sa ki fè li se youn nan sèt ayewopò Ozetazini nan zafè volim kagezon. Nan tout rejyon an, biznis kagezon global nan ayewopò a aktyèlman sipòte yon total preske 78,000 djòb, 13.1 milya dola nan lavant ak yon estimasyon 6 milya dola nan salè yo. Nou atann nou nouvo batiman an pral bay yon estimasyon 200,000 tòn kagezon adisyonèl, 5,400 djòb rejyonal, plis pase 1.8 milya dola nan lavant ak yon estimasyon 660 milyon dola nan salè yo.

Prezidan Otorite Pòtyè a Kevin O'Toole te deklare, "Otorite Pòtyè a ap chèche bay batiman yo ki gen klas mondyal pou kliyan nou yo. Batiman kagezon yo ki nan ayewopò a bay yon avantaj konkiransyèl sou lokasyon ki pa nan ayewopò yo, epi nouvo batiman kagezon sa a vital pou redevlopman JFK".

Vis Prezidan Otorite Pòtyè Jeffrey Lynford te deklare, "Kòm pati nan transfòmasyon Ayewopò Kennedy a, Otorite Pòtyè a ap avanse avèk yon amelyorasyon siyifikatif pou batiman air cargo nou yo. Pwojè pral soulaje konjesyon kamyon pandan l ap rann ayewopò a pi konpetitif epi jenere revini pou reyenvesti nan rejyon an".

Direktè Egzekitif Otorite Pòtyè a Rick Cotton te deklare, "Amelyorasyon yo Otorite Pòtyè a ap fè nan batiman air cargo JFK yo se jis yon pati nan vizyon kouraje Gouvènè Cuomo a pou avni ayewopò a. JFK se pandan lontan youn nan pi enpòtan destinasyon nan nasyon an, pou kagezon epitou pou pasaje. Aksyon jodi a kontinye voye yon mesaj pisan ke JFK angaje pou l vini yon operasyon ki gen klas mondyal".

Plan Gouvènè Cuomo prezante pou transfòme Ayewopò Kennedy a egzije yon redevlopman pou 13 milya dola, avèk de nouvo tèminal ki pral ede kreye yon batiman ki entèkonekte, ki inifye sa k ap ajoute yon total kat milyon pye kare ak bò Nò ak Sid Ayewopò a. Ayewopò JFK ki modènize a pral prezante komodite pou pasaje modèn, teknoloji sekirite siperyè ak sèvis kliyantèl ki amelyore. Finansman prive ap itilize pou jiska 12 milya dola nan depans lan.

An Fevriye ane sa a, Gouvènè Cuomo te anonse ke American Airlines ak British Airways t ap investi yon 344 milyon dola adisyonè pou agrandi tèminal 8 kòm pati nan transfòmasyon ayewopò a. Mwa pwochen, Hotel TWA nou lajman antisipe a, k ap restore grandè Sant Vòl anblematik (Flight Center) 1962 TWA Eero Saarinen an, pral ouvri pòt li jis pa deyò tèminal 5 Jetblue a.

Anplis transfòme Ayewopò JFK a nan yon sant avyasyon ki gen klas mondyal, redevlopman an konsevwa pou satisfè yon ogmantasyon nou atann nan demann kliyan yo nan ane k ap vini yo. Envestiman sa yo pral rann ayewopò a kapab jere 15 milyon pasaje anplis pa ane, kòm volim ayewopò yo kontinye ap etabli nouvo rekò.

Komite Otorite Pòtyè a te otorize efò faz en pou modènizasyon kagezon an 2017, avèk yon kontra alontèm avèk Aero JFK II LLC pou yon batiman jesyon ki mezire 346,000 pye kare. Batiman Aero JFK a ak rekonstriksyon Taxiway CA ak CB a ke vòt 2017 la te otorize a deja an kou.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)